QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz, Индекс: 231100

**« 7 » - июль 2021 j.** **01-01/4-340 - sanlı**

**Нөкис қаласы, Жуўазшы МПЖ,**
**Жеке терек көшеси, 49-жайда**
**жасаўшы пуқара И.Медетовқа**

**Көширмеси:** **Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 3-апрельдеги "Мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыўы органларының структурасын ҳәм штат бирликлери санын қысқартыў ҳаққында"ғы ПҚ-5053-санлы қарары ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 9-апрельдеги 113-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде 2021-жыл 28-июнь сәнесинен баслап Сиз бенен дүзилген мийнет шәртнамасы бийкар етилгенлигин мәлим етеди.

Сондай-ақ, Сизди жумыс пенен тәмийинлеў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайынан 0,5 ставка көлеминде методист лаўазымы, Нөкис қалалық ҳәм Нөкис районлық халық билимлендириў бөлиминиң Руўхый-әдеп икрамлық тәрбия ҳәм балаларды социаллық қорғаў секторы баслығы лаўазымына жумысқа жайластырыў имканияты бар екенлигин билдиремиз.

Сизге жоқарыда атап өтилген лаўазымларда жумыс ислеў имканиятыңыз бар екенлигин мәлим етип, министрликтиң 2021-жыл 1-июльдеги 01-01/4-331-санлы хаты менен жазба түрде усыныс етилди.

Министрликтиң арзаңызға берген жуўап хатынан қанаатланбасаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүрәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлиги түсиндириледи.

**Екинши мәнзилге:** Мағлыўмат ушын.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** **К.Бекбаулиев**

Таярлаған: С.Жуманиязов
Тел: 222-24-66